



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 22 PWOJÈ KI POTE TRANSFÒMASYON NAN REJYON LWÈS NEW YORK KÒM YON PATI NAN INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA AK PWOGRAM NY FORWARD LA**

*Pwojè yo te anonse nan Dunkirk, Wellsville ak Lancaster*

*Reprezantasyon grafik pwojè yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon total 22 pwojè ki pote transfòmasyon pou rejyon Lwès NY nan kad de pwogram devlopman ekonomik: Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la ak NY Forward. Nèf pwojè yo te anonse pou Dunkirk, gayan 6è Faz yon prim DRI 10 milyon dola; sèt pwojè yo te anonse pou Wellsville, yon gayan 1è Faz yon prim 4.5 milyon dola NY Forward; ak uit pwojè yo te anonse pou Lancaster, epi tou yon gayan 1è Faz nan yon prim 4.5 milyon dola NY Forward la.

"Sant vil New York yo se batman kè eta nou an, epi Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak pwogram NY Forward la ede nou akonpli angajman nou pou ede kominote yo nan chak rejyon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwojè sa yo nan Lwès New York pral ede revitalize bèl sant vil nou yo epi kreye plis opòtinite pou Nouyòkè yo bati kominote k ap pwospere pou jenerasyon k ap vini yo."

**Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) la**

Yo te nonmen Vil Dunkirkgayan Lwès New York nan sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la an 2023. 9 pwojè yo chwazi yo ap chèche eksplwate koneksyon vil la ak Lake Erie pou atire nouvo investisman, aktive litoral li yo epi sèvi kòm yon kanal pou redevlopman distri biznis istorik li a.

Nouvo investisman ki konbine avèk investisman pase yo pral kreye yon anviwònman solid pou reyabilitasyon ak reyitilizasyon adaptate bilding istorik anba lavil yo ak devlopman teren ki enkòpore opòtinite rezidansyèl pou moun ki gen revni miks.

Investisman DRI yo fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan Lwès New York. Se Depatman Deta (Department of State, DOS) k ap dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap

devlope yon Plan Envestisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè espesifik yo pral finanse atravè plizyè objektif ak estrateji sipò DRI ki nan Plan Envestisman Estratejik kominote a, tankou anplifye sans inik vil la avèk yon eksperyans reyèl ak otantik ki pral yon katalizè pou kwasans òganik alavni epi ki pral ankouraje devlopman ki enklizif pandan l ap anbrase eritaj solid li yo ak divèsite etnik li.

Dunkirk rejwenn kominote Jamestown, Olean, Lockport, Distri Pon Niagara Falls, North Tonawanda, Katye Broadway-Fillmore Buffalo ak Tonawanda, ki te gayan Lwès New York nan sèt premye faz DRI yo.

Envestisman 9.7 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive sipleman tè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

### **9 Pwojè DRI Dunkirk yo, ki totalize 9.7 milyon dola, gen ladan:**

Vil Dunkirk pral pwofite koneksyon li ak Lake Erie pou kreye yon vag enèji pou aktive zòn litoral ak anba lavil li a ak investisman prive ki amelyore opòtinite biznis ak aktivite pou rezidan yo ak vizitè yo. Anba lavil Dunkirk pral yon destinasyon pandan tout ane a ki akeyan, ki atiran, ki vivab, ki pratik pou pyeton epi ki dirab. Dunkirk pral bati sou divèsite, istwa ak anviwònman natirèl inik li yo pou bay opòtinite ak yon kalite lavi elve pou moun ki gen tout laj ak orijin etnik.

#### **Renovasyon bilding konpayi Macaroni Dunkirk la pou loje apatman ak biwo medikal (500,000 dola)**

Konvèti yon bilding kat etaj ki egziste deja an yon apatman ki gen fòm galata pou itilizasyon miks, ki gen ladan biwo.

#### **Etabli Fon pou Ti Pwojè Anba Lavil Dunkirk (473,000 dola)**

Fikse yon fon pou pwojè ki revitalize Anba Lavil Dunkerque, atravè sibvansyon pou renovasyon bilding, asistans biznis (machin ak ekipman komèsyal), atizay piblik ak depans jeneral (achitekti ak jeni).

#### **Mete Ajou Building ak Teren Otèl Clairon lan (1,000,000 dola)**

Renove apeprè 120 chanm otèl, zòn konferans, sal-a-manje, salon, eksteryè bilding, yon pavilion deyò ak teren yo.

#### **Redevlopman Bilding Lake Shore National Bank la pou mete yon Apatman pou vann an detay ak apatman nan to mache a (900,000 dola)**

Konvèti ansyen bilding bank la an apatman pou vann an detay nan premye etaj la ak kat apatman nan to mache, ki gen fòm galata.

#### **Renovasyon Bilding Graf la pou Loje yon Sant Fòmasyon pou Devlopman Mendèv (2,200,000 dola)**

Renove Bilding Graf la pou mete yon Sant Fòmasyon pou Devlopman Mendèv ki kapab genyen ladan yon gadri, biwo pou patnè pwogram, yon sant konsèy sou karyè, laboratwa syans, nouvo salklas ak laboratwa enfòmatic.

#### **Agrandi Marina Vil Dunkirk la atravè nouvo Waf (2,000,000 dola)**

Ranplase waf ki manke yo ak nouvo waf, amelyore sèvis piblik marina yo epi enstale yon sistèm sekirite.

**Konstwi Apatman Abòdab ak yon Etablisman gadri sou De Sit (500,000 dola)**

Konstwi nouvo, lojman abòdab ak yon etablisman gadri sou de sit, ki gen ladan apeprè 30 apatman ak yon etablisman gadri apeprè 6,700 pye kare sou E 4th Street ak yon estimasyon 48 apatman sou Washington Avenue.

**Amelyore Marina Bè Chadwick la avèk ranp lansman bato tranzitwa ak ekipman pou navigatè (1,000,000 dola)**

Ofri yon nouvo waf ak lansman bato tranzitwa, amelyorasyon nan waf ki egziste deja yo, ekipman pou navigatè yo ak aksè piblik ki gen ladan yon konektè ak santye bò rivaj la.

**Renime Bilding Istorik Adams lan pou loje pwogram atistik ak pou jèn (1,127,000 dola)**

Renovasyon bilding istorik la pou li vin tounen yon espas evènman polivalan ak yon sant jèn nan nivo pi ba yo an patenarya ak Kids at Promise, ak de apatman liks pou bay revni kontinyèl pou pwogramasyon ak antretyen bilding.

**NY Forward**

Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" tankou DRI pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Envestisman NY Forward yo fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan Lwès New York.

**7 Pwojè NY Forward Wellsville yo, ki totalize 4.5 milyon dola, enkli:**

Vilaj Wellsville planifye pou kreye yon sant vil kontanporen ak revitalize ki amelyore kalite lavi, ankouraje sante ak byennèt epi ogmante revni taks lè li sipòte kwasans biznis. L ap ankouraje yon ekonomi vibran, dirab, ak divèsifye ki aktif pandan tout kat-sezon yo, kapitalize sou potansyèl ekotouris li yo ak pwofite cham ti vil li yo, biznis manje ak bwason atizanal li yo, atizay ak kilti inik ak aksè ak panorama pitoresk ak aktivite deyò. Li pral bay priyorite re-itylizasyon adaptif ak amelyorasyon fasad, devlopman lojman ak kay ki pa sèvi ak amelyorasyon enfrastruktir piblik ki nesèsè pou kreye yon sant vil dinamik.

**Revize Daily Reporter (762,000 dola)**

Renove yon ansyen enstalasyon enprimri pou vin nouvo espas komèsyal nan 1e etaj la, ak inite lokasyon nan etaj anwo a.

**Devlope nouvo mak ak siyalizasyon pou Vilaj Wellsville (90,000 dola)**

Devlope yon plan maketing ak oryantasyon ak nouvo sit entènèt vilaj la.

**Etabli Fon pou Ti Pwojè Wellsville NYF (449,000 dola)**

Etabli yon Fon pou Ti Pwojè pou sipòte aplikan yo ak amelyorasyon bilding ak biznis.

**Transfòme Depo a an yon sant Evènman & Mize (1,228,000 dola)**

Transfòme yon ansyen depo tren an yon nouvo espas evènman ak mize sou tematik tren.

**Fè eksperyans Divètisman nan Well (640,000 dola)**

Devlope yon nouvo espas resoran, amizman ak evènman nan ansyen bilding minisipal la.

**Amelyore Pötay Vilaj Wellsville (551,000 dola)**

Amelyore Eksperyans pyeton nan State Street ak pasaj ki pi an sekirite epi ki pi atiran, trotwa elaji ak adisyon kloti dekoratif ak sipò drapo sou pon Memoryal Madison Street la.

**Elaji espas ak òf nan Creative Arts Center (780,000 dola)**

Elaji òf estidyo atizay lè yo repare espas estidyo yo, enstale yon aparèy pou moute ak chaj, epi achte yon nouvo fou; renove espas pou kreye nouvo apatman ak espas travay pou atis; epi fè amelyorasyon nan eksteryè bilding lan ak nan sistèm mekanik yo.

**6 Pwojè NY Forward Lancaster yo, ki totalize 4.5 milyon dola, enkli:**

Vilaj Lancaster planifye pou l kreye yon sant vil ki ekitab, rezistan, ak dirab, ak yon sant vilaj vibran ki kenbe karaktè istorik li ak posiblite pou l mache pandan l ap ankouraje ak sipòte devlopman ekonomik, sante ak byennèt pou rezidan yo ak vizitè yo, enfrastrikti ak pratik ki favorab pou anviwònman an, yon nouvo sant pou adolesan, ak opsyon lojman abòdab.

**Agrandi Sant Vilaj Lancaster ak yon Nouvo Bilding pou Itilizasyon Miks nan 20 West Main (881,000 dola)**

Konstwi yon nouvo bilding pou itilizasyon miks sou yon teren ki vid nan 20 West Main Street.

**Kreye yon fon pou ti pwojè pou sipòte amelyorasyon enpòtan nan bilding ak biznis (300,000 dola)**

Kreye yon fon pwojè 300,000 dola pou sipòte jiska 75% pri pou amelyorasyon bilding ak biznis nan zòn NY Forward la.

**Konstwi nouvo lojman pou granmoun aje sou Plum Bottom Creek nan Brookfield Place (900,000 dola)**

Konstwi yon nouvo konplèks apatman pou granmoun aje sou yon pasèl tè vid ki bay sou Plum Bottom Creek.

**Revitalize ak rekonekte Lancaster ak yon nouvo ti pak nan Bilding Minisipal la (206,000 dola)**

Amelyore pasaj ki pa itilize ant pakin piblik ki chita deyè Building Minisipal Lancaster ak Broadway/Central Avenue atravè konstriksyon yon nouvo ti pak, sa k ap kreye yon konektè pyeton vibran ak zòn pou chita.

**Elve Opera House ak Meri a pou yo vin tounen yon bilding anblematik dènne modèl (1,156,000 dola)**

Fè amelyorasyon ki gen gwo enpak sou eksteryè ak enteryè estrikti istorik sa a pou amelyore vizibilite ak wòl Lancaster Opera House kòm yon fa kiltirèl rejyonal.

**Renovasyon Boys & Girls Club la epi kreye yon nouvo sant pou adolesan (1,057,000 dola)**

Fè amelyorasyon eksteryè ak enteryè nan Boys & Girls Club nan Depew-Lancaster epi renove espas pou loje yon nouvo sant adolesan.

**Sekretè Deta New York Enterimè, Brendan C. Hughes, te deklare,** "Felisitasyon tout twa kominote yo paske yo te prezante yon plan byen reflechi pou ede revitalize sant vil ou yo. Pwoksimitè Dunkirk ak Lake Erie bay yon opòtinite pafè pou pwofite potansyèl pou plis aktivite bòdmè konsantre, ankouraje touris, kwasans aksè lojman, ak ekspansyon biznis. Pandan ke Wellsville ak Lancaster konsantre sou dirabilite, ekite, lojman, opsyon transpò multimodal ak enfrastruktir. Depatman Deta New York pa ka tann pou l ede w reyisi ak objektif revitalizasyon w yo."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Finansman DRI pral ankouraje potansyèl Dunkirk lè l sèvi avèk yon apwòch konplè ki idantifye atravè pwosesis Plan Investisman Estratejik kominote a. Avèk pwojè sible yo te anonse jodi a, vil bò rivaj sa a sou wout pou ranfòse ekonomi lokal li a, transfòme distri biznis istorik li a epi aktive litoral ak pò Lake Erie li a."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "19 milyon yo akòde jodi a pral ede Dunkirk, Lancaster, ak Wellsville pi byen reyalize tout potansyèl yo lè yo pèmèt kominote sa yo investi nan nouvo kay, atraksyon kreyatif, ak opòtinite ekonomik nan katye anba lavil yo. Sa ki enpòtan, yo te chwazi 22 pwojè sa yo ak yon kontribisyon lokal enpòtan pou asire ke resous yo pral benefisye rezidan aktyèl ak pwochen rezidan yo pou ane k ap vini yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou konsantrasyon li sou ede minisipalite Lwès New York yo ak investisman ki amelyore kominote yo ak amelyore lavi yo."

**Ko-prezidan WNYREDC ak Fondatè Campus Labs Eric Reich, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward se de nan pwogram prensipal Eta New York pou renouvèlman anba lavil la. Pwojè transfòmasyon yo te anonse jodi a pou Dunkirk, Wellsville ak Lancaster apre yon ane nan planifikasyon estratejik pral ranfòse epi pote nouvo aktivite nan kominote vital Lwès New York sa yo."

**Ko-Prezidan WNYREDC ak Prezidan Canisius University Steve Stoute, te deklare,** "24 pwojè yo anonse jodi a pou Dunkirk, Lancaster ak Wellsville pral dinamize sant vil sa yo epi sèvi kòm yon katalizè pou plis investisman. DRI ak NY Forward se de nan pwogram eta ki pi efikas pou katalize devlopman ekonomik, dinamize sant vil nou yo ak kreye plis opòtinite nan Lwès New York."

**Patrick Gallivan, ki se Senatè Eta, te deklare,** "Investisman New York nan revitalize kominote anba lavil yo pral sipòte biznis ki egziste deja yo, ankouraje nouvo devlopman ak amelyore kalite lavi rezidan yo ak vizitè yo. Angajman Lancaster nan pwojè sa yo pral kontinye transfòmasyon zòn anba lavil la epi bay nouvo opòtinite pou tout kominote a."

**Senatè Eta a, Tom O'Mara, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak pwogram NY Forward te gen yon enpak trè pozitif sou kominote mwen reprezante

atravè rejyon Lwès New York ak Southern Tier la. Envestisman eta enpòtan sa yo te ede kominote lokal nou yo ak lidè yo avanse sou pwojè pou ranfòse ekonomi lokal yo, pwovoke kwasans ekonomik ak opòtinite nan sektè touris la ak lòt ti biznis ak endistri yo, soulaje fado sou kontribiyab lokal yo, epi ranfòse kalite jeneral lavi pou rezidan kominote yo ak fanmi yo."

**Manm Asanble Joseph Giglio te deklare,** "Sa se yon bon nouvèl pou Vilaj Wellsville ak tout Konte Allegany. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi 4.5 milyon dola sa a ak sibvansyon NY Forward pral pèmèt Vilaj Wellsville pouswiv vizyon li kòm yon destinasyon pou biznis, endistri ak touris. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Eta New York paske yo rekonèt nesosite pou sipòte kominote yo nan Lwès New York pandan y ap re-envante tèt yo epi konstwi yon avni meyè pou rezidan nou yo".

**Manm Asanble, Monica Wallace, te deklare,** "Soti nan nouvo magazen ak restoran rive nan pak ak peyizaj lari amelyore, Vilaj Lancaster te fè eksperyans yon renesans pandan kèk ane ki sot pase yo akòz gwo investisman Eta New York. Vilaj istorik nou an ap vin tounen yon destinasyon pou tout Nouyòkè nan rejyon Lwès yo pou viv, achte, manje, epi jwi gwo teyat. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te bay ankò resous enpòtan ki pral asire kwasans kontinyèl ak revitalizasyon Vilaj Lancaster pou jenerasyon k ap vini yo."

**Majistra Wellsville Randy M. Shayler, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul, Depatman Deta, ak tout moun ki enplike nan NYForward. Prim Wellsville ak pwojè yo chwazi yo pral gen yon enpak pozitif sou kominote nou an pou dè deseni k ap vini yo! NYForward te vin katalizè pou kwasans ekonomik nou an, odela finansman 4.5 milyon dola li yo. Nou fèk kòmanse wè tout enpak li."

**Majistra Dunkirk la, Kate Wdowiasz, te deklare,** "Vil la ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, pou anons enkwayab sa a. Vil Dunkirk te pwofondman rekonesan pou yo te nonmen l ganyan Lwès New York nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la. Pandan anpil jenerasyon, litoral Dunkirk la se yon sous fyète ak potansyèl. Jodi a, ak envestisman transfòmasyon sa a, nou pral kapab pwofite pouvwa Lake Erie pou kreye yon destinasyon vibran ki selebre eritaj inik ak divèsite nou an."

**Majistra Vilaj Lancaster Lynne Ruda, te deklare,** "Pwosesis NY Forward la te ede konsantre bezwen ak dezi kominote nou an. Finansman ki te alwen nan pwojè yo pral kreye chanjman transfòmatif nan Vilaj Lancaster pou jenerasyon k ap vini yo. Mèsi a tout moun ki te konsakre anpil tan nan pwosesis sa a ak Gouvènè Hochul paske li te rekonèt enpòtans yo epi yo te bay finansman pou prezève ak amelyore vilaj istorik tankou pa nou yo."

Kominote DRI ak NY Forward yo te devlope Plan Enplemantasyon Estratejik (Strategic Implementation Plans, SIP), ki kreye yon vizyon pou lavni anba lavi yo epi idantifye ak rekòmande yon seri pwojè konplèmantè, transfòmateur ak egzekitif ki sipòte vizyon sa a. SIP yo gen yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee, LPC) ki gide yo ki gen ladan lidè lokal ak rejyonal, moun ki gen enterè yo, ak reprezantan yo nan

kominote a, avèk asistans yon konsiltan deziyen ak anplwaye DOS, yo tout fè anpil kontak ak angajman kominotè lè y ap detèmine pwojè yo.

### **Enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward**

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) ak NY Forward se poto mitan politik devlopman ekonomik eta a. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. Pwogram NY Forward la te kreye an 2022 pou revitalize kominote ki pi piti ak riral yo atravè Eta a pou tout kominote yo ka benefisye efò revitalizasyon Eta a, kèlkeswa gwosè, karaktè, bezwen ak defi yo. Dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS)—avèk asistans Depatman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Department of Housing and Community Renewal, HCR), Empire State Development (ESD) ak Otorite Rechèch & Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research & Development Authority, NYSERDA), DRI ak NY Forward reprezante yon estrateji "planifye-anwit-aji" san parèy ak inovatè ki asosye planifikasyon estratejik avèk aplikasyon imedya. Tou de pwogram yo ap kreye yon mas kritik anba lavil dinamik nan chak rejyon nan Eta a k ap amelyore devlopman ekonomik, pwomouvwa kalite lavi, ankouraje devlopman sosyo-ekonomik ak atenn objektif klimatik anbisye eta a.

Nan sèt premye faz DRI a, eta a te angaje 800 milyon dola, envesti nan 81 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman pou redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Nan premye de faz NY Forward yo, eta a te angaje 200 milyon dola, envesti nan 43 anba lavil ki piti ak riral yo.

Avèk angajman Gouvènè a te pran pou ane sa a yon lòt 100 milyon dola chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, Eta a te envesti kounye a yon total konbine 1.2 milya dola nan tou de pwogram yo depi kreyasyon yo, k ap sèvi 124 kominote anba lavil yo ansanm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)